

# Rete an kontak ak FEMA pou Ede w Akselere Rekiperasyon w

Release Date: January 13, 2023

**COLUMBIA, S.C.** – Pandan ke pwopriyetè ak lokatè ap rekipere apre Siklòn Ian, espesyalman apre w fin aplike pou asistans FEMA, sikonstans ou gendwa te chanje.

Ou gendwa genyen yon lòt adrès oswa nimewo telefòn. Reklamasyon asirans ou an gendwa deja regle. Ou gendwa bezwen plis èd ak bagay ki esansyèl men w pa konnen kòman pou w jere sa.

Sa yo se jis kèk rezon pou rete an kontak ak FEMA. FEMA gendwa bezwen kontakte w, epi enfòmasyon ki manke oswa ki pa bon gendwa retade asistans ou an.

Sivivan tanpèt septanm nan ka kontakte FEMA pou mete aplikasyon w lan ajou, jere sityasyon ka w la epi poze kesyon sou asistans pwosesis dezast la. N ap ankouraje w mete enfòmasyon pou kontakte w ajou, sa ki genyen ladann nenpòt chanjman imèl, imedyatman ke sa posib epi osi souvan ke sa nesesè.

Enfòne FEMA lè reklamasyon asirans ou an regle. Pwogram Asistans Endividyèl FEMA a gendwa kouvri domaj ke asirans ou an pa kouvri. FEMA ka refere w tou ak asistans sèvis legal dezast ki disponib oswa pwogram san pwofi ki ofri resous anplis pou bezwen w genyen ki poko rezoud yo.

## Men kijan w ka rete an kontak ak FEMA

- Kreye yon kont sou [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov). Si w deja gen yon, konekte epi mete sityasyon w ajou oswa depoze dokiman w yo.
- Rele **Ling Asistans FEMA a nan 800-621-3362**. Si w ap itilize yon sèvis relè videyo (VRS), sèvis telefòn soutitirè oswa lòt, bay FEMA nimewo a pou sèvis sa a. Operatè ling asistans lan pale anpil lang e ling yo ouvri soti **7è a.m. rive 11 p.m. chak jou**. Peze 2 pou Panyòl. Peze 3 pou yon entèprèt ki pale lang ou an.



**FEMA**

Page 1 of 2

- **Voye yon faks bay FEMA nan 800-827-8112** epi bay yon kopi aranjman asirans ou an ak lèt kontestasyon w lan. Ou gendwa tou soumèt dokiman nan adrès sa a:  
**Sant Sèvis Tretman Nasyonal FEMA**  
**PO Box 10055**  
**Hyattsville, MD 20782-8055**
- Lè w ap kontakte FEMA, asire w ke w bay nimewo nèf chif ki asosye avèk ou lè w te aplike a.

Dat limit pou aplike pou asistans dezans FEMA se **lendi 23 janvye**. Moun ki te deja aplike yo pa bezwen fè sa ankò.



**FEMA**

Page 2 of 2